

ZUVA MUHUSHUMIRI HWAJESU



Chidzidzo 2 cha Chikunguru 13, 2024

“Jesu akati
kwavari,
'Nditeverei, kuti
ndikuitei vabati
vavanhu' ”



(Marko 1:17)



Zuva muupenyu hwaJesu raizova rakaita sei? Ko kana tikange tiinaye kwevhiki rose?

Marko anotibatsira kurarama chiitiko ichi muchikamu chekupedzisira chechitsauko chake chekutanga(Marko 1:16-45).

Tichaperekedza Jesu nokudana boka revaredzi kuti vamutevere nguva yose; kunakidzwa nezuva reSabata rakabatikana; uye, pakupedzisira, tichaona kuti tsika dzavo dzemazuva ose dzaive dzipi.



Mabasa anokosha:



Kudana vadzidzi. Marko 1:16-20.



Zviito zveSabata:



Kuparidza musinagogi. Marko 1:21-28.



Kuporesa. Marko 1:29-34.



Zviito zvezuvanezuva:



Kunamata nekuparidza. Marko 1:35-39.



Kurapa uye kuremekedza Mutemo. Marko 1:40-45.

MABASA ANOKOSHA




KUDANA VADZIDZI


“Jesu akati kwavari “Nditeverei, kuti ndikuitei vabati vavanhu.”

(Marko 1:17)

Mako anozivikanwa nekupfupikisa kwake. Dai tisina kunzvera mamwe evhangeri, tingasvika pamhedziso dzisiridzo pamusoro pokudana uku.



Aka kakanga kasiri kekutanga varume ava kusangana naJesu. Savateveri vaJohani Mubhabhatidzi, vakanga vanzwa mashoko ake pamusoro paJesu, uye vakamutevera. Vakatangana kuita izvozvo vaiva Andreya naJohani, vachiteverwa nevakoma vavo(Jn. 1:35-42).



Jesu anoparidza ari muchikepe chaPetro, uye ipapo kubata kunoshamisa kunoitika. Mambure ehama ina akapotsa abvaruka nehuwandu hwehove (Ruka 5:1-7). Apo Jakobho naJohani vaigadzira mambure, Petro anowira patsoka dzaJesu (Ruka 5:8-11).



Jakobho naJohani vakasiya baba vavo vachitarisira bhizimisi remhuri, uye Petro naAndrea vakasiya raramo yavo kuti vave vawani vemweya. Nekuteerera kudanwa kwaJesu, vakashandura hupenyu hwavo, nehupenyu hwenyika yose.




ZVIITO ZVESABATA

KUPARIDZA MUSINAGOGI

“Ukapinda Kapernaume; pakarepo nomusi wesabata akapinda musinagoge, akadzidzisa” (Marko 1:21).

Evhangeri dzinojekesa kuti kuenda kusinagogi neSabata yaive tsika ya Jesu, kwete chiitiko chemusi uyu chete (Ruka 4:16).




Vanhu vakaita sei nekuparidza kwa Jesu? (Marko 1:22).

Asi havasi vose vaifara. Muvengi akafunga kukanganisa shumiro, achitarisira kubvisa simba ra Jesu (Marko 1:23-26). Kupindira kwechimbichimbi kwakakonzera kuti vanhu vatonyanya kurunzirwa Naye (Marko 1:27-28).


Zvinhu zvitatu zvinobuda munyaya iyi:

1. Musangano maiva nedhimoni. Kune “mashawi” musangano, uye hatigoni kuasiyanisa (Mt. 13:24-30).
2. Dhimoni raiziva kuti Jesu aive ani, uye rakatsvaga nzira yekupedza kurunzira kwake.
3. Jesu akamurayira kuti anyarare. Yakanga isati yava nguva yokuzvizivisa amene pachena sa Mesiya.



KUPORESA

“Madekwana, zuva ravira, vakaisa kwaari vose vakanga vacirwadziwa, navakanga vakabatwa nemneya yakaipa” (Marko 1:32)



Pakupera kwebasa musinagogi, Jesu akaenda nevadzidzi vake vana kumba kwaPetro kuti vanodya vari voga(Marko 1:29).

Pavakanga vachigadzira tafura, vakaudza Jesu pamusoro pambuyawasha vaPetro, vakanga vabatwa nefivha (Marko 1:30). Paakangoporeswa, mukadzi uyu akazvipira kushandira vaenzi (Marko 1:31). Kubatsirwa kwatinoitwa naJesu kunoita kuti tide kuzviudzawo vamwe.

Chishamiso chedhimoni chakanga chiri musoro wehurukurirano mumisha mizhinji muKapernaume. Naizvozvo, pakupera kwemaawa matsvene eSabata, zuva parakanga ranyura, vakaunza vanhu vazhinji vairwara kuna Jesu kuti vaporeswe (Marko 1:32-34).



Mufaro wakadini! Kuchema kwakadini kwerumbidzo kwakanzwika mumba maSimoni! Uye kwete bedzi kurumbidza vakaporeswa, Jesu amene akafara mukuvaunzira kuporeswa.

Pashure pezuva rinonetesa, kusvikira pakati pousiku, Jesu pakupedzisira akakwanisa kuzorora.



ZVIITO ZVEZUVANEZUVA



KUNAMATA NEKUPARIDZA

“Mangwanani kucinerima, wakamuka akabuda, akaenda kunzimbo murenje, akandonyengetera’po” (Marko 1:35)

Musi weSvondo, vadzidzi vakamirira Jesu kuti aparidze muguta. Asi zvirongwa zvaJesu zvakanga zvakasiyana. Aizobatsira vamwe vakawanda nemashoko ake nezviito(Marko 1:36-39).

Asi Jesu akanga asiri kuita zvaanoda iye pachake. Semazuva ese ndiye ainge atanga ataura naBaba vake kuti vamuudze zvaifanira kuita musu uyu(Mk. 1:35; Jn. 8:28).




Zuva nezuva Jesu aitsvaka Mwari mumunyengerero, uye anotikoka kuti timutevedzere (Marko 6:46; Ruka 3:21; 5:16; 9:18; 11:1; 18:1). Mumamiriro ezvinhu anokosha, akatotsaurira usiku hwose kumunyengerero(Rk . 6:12-13; Mt. 14:21-23).

Hatifaniri here, kufanana naJesu, kutsvaka Mwari zuva nezuva mumunyengerero kuti tizive kuda kwake? Mumamiriro ezvinhu akakosha, hatingamutsvage here kunyanya mumunamato?

KURAPA UYE KUREMEKEDZA MUTEMO

"Cenjera kuti urege kuvudza munhu cinhu; asi enda uziratidze kumuprista, ubayire pamsoro pokunatswa kwako zakarairwa naMosesi, cive capupu kwavari." (Marko 1:44)



Murume ane maperembudzi, akanga aparadzaniswa nomunhu wose nokuda kwourwere hwake, akapfugama pamberi paJesu achikumbira kuporeswa (Rev. 13:45; Marko 1:40).

Pamberi peboka, Jesu anoita chimwe chinhu chinopesana nomutemo: anobata ane maperembudzi uye naizvozvo anova asina kuchena. Asi, panzvimbo pokugamuchira kusachena kwomunhu ane maperembudzi, ane maperembudzi akagamuchira kuporesa kwaJesu.

Sezvatinouya kuna Jesu nezvivi zvedu netsvina, haabvi kwatiri. Achatipa kukanganwirwa uye kuporeswa, achitiita kuti tive vakachena salye.

Mushure mokumuporesa, akapa mirairo miviri nechinangwa chakapetwa kaviri (Mk. 1:44)

Zviratidze kuvaprista


Kunyarararidza

Akaratidza kuremekedza kwake mutemo

Zvakapa vapristi mukana wokumugamuchira saMesiya.

Akaita kuti vapristi vasafungira munhu aiva nemaperembudzi

Akadzivisa kumutsa kariro youmesiya mumhomho



“Hupenyu hweMuponesi panyika hwakange husiri nyore. Asi haana kumboneta nekushanda kuti aponese vanhu vakarasika. Akararama hupenyu husina chindini kubva pakuzvarwa kwake kusvika pakufa kwake. Haana kuedza kusununguka pabasa rakaoma uye nzendo dzinonetesa. Akati Mjanakomana womunhu “haana-kuvuya kuzoshumirwa, asi kushumira, nokupa vupenyu bgake ruve rudzikinuro rwavazhinji.” Mateo 20:28. Ichi ndicho chaiva chinangwa chikuru chehupenyu Hwake. Zvimwe zvose zvakanga zvisinganyanyi kukosha. Kuita kuda kwaMwari uye kupedza basa Rake kwakanga kwakaita sezvokudya nezvokunwa kwaari. Pakanga pasina kuzvifunga pabasa Rake.”-Non Official Translation by Gift Mawoyo

EGW (Steps to Christ, pg. 77)